# ДЫҚҚАТ СЕРГЕК БОЛЫҢ! Пластик картаныздағы пулларыңыздан айрылып, кредит төлеўге мәжбүр боласыз!

Image not found or type unknown

Ҳәзирги ўақытта алдаў жолы арқалы пуқаралардың пластик карталарындағы пулларын өзлестирип алыў сыяқлы алдаўшылық жағдайларының жаңа түрлери көбейип баратыр.

Кибер жынаятшылар өзлерин банк ямаса басқа да пластик карталары менен ислесиўши шөлкемнен екенлигин айтып, телефоныңызға код жиберилиўин айтады ҳәм сизиң телефоныңыздағы пластик карталары менен ислесиўши мобиль қосымшаға жалғанып алады. Бунда сизиң мобиль қосымшаңыздағы барлық пластик карталарыңыздағы пулларыңыз бир жерге жыйналып, тартып алынады. Буннан тысқары, усы тақилетте сизиң атыңыздан онлайн кредит рәсмийлестиреди ҳәм сиз бир ўақыттың өзинде ҳәм пластик картаңыздағы пулыңыздан ҳәм атыңызға алынған кредит пулларынан айрылып, ақыбетте биреў ушын кредит төлеп отырыўға мәжбүр боласыз.

Пуқараларды телефон номерине келген SMS-хабардағы тастыйықлаў коды, пластик карта ҳаққындағы мағлыўматларды алдаўшыларға бермеўге, банк пластик картасы менен байланыслы ҳәр қандай мағлыўматларды телефон арқалы қоңыраў еткен бийтаныс шахсларға ашықламаўға шақырып қаламыз.